



Republik Ayiti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



## Selebrasyon mwa Lang ak Kilti kreyòl 2021

Jistifikatif tèm ane a: “*Lang kreyòl tout kote san fòskote!*”

Depi enstalasyon ofisyèl li nan dat 4 desanm 2014, Akademi Kreyòl Ayisyen toujou ap travay pou li fè pwomosyon lang kreyòl ayisyen an epi kore devlopman li. Se pou sa, nan okazyon selebrasyon Jounen entènasyonal Lang ak Kilti kreyòl la ane sa a (28 oktòb) 1 ap òganize divès aktivite pandan tout mwa oktòb la pou li konsyantize sosyete ayisyen an pi plis sou nesesite pou mete lang kreyòl la nan vrè plas li kòm lang ofisyèl, lang nasyonal peyi a.

Jan sa abitye fèt, Akademi Kreyòl Ayisyen konsakre tout mwa Oktòb la pou li selebre Lang ak Kilti peyi a. Pou ane 2021 an, li chwazi pou tèm : « *Lang kreyòl tout kote san fòskote !* »

Si reyalite sosyolengwistik la klè devan nou: tout Ayisyen pale epi konprann kreyòl, fòk nou pa bouche je nou devan yon lòt reyalite tou nan peyi a : jis kounye a, gen moun ak sektè k ap fè rezistans nan lekòl, nan biwo Leta yo, nan enstitisyon yo kote yo pa sèvi ak lang peyi a, sitou nan komunikasyon ekri yo. Akademi Kreyòl Ayisyen gen lontan 1 ap batay pou sitiyasyon sa a chanje paske non sèlman li depaman ak sa Manman Lwa peyi a di, men tou pratik sa yo kreye tout kalite prejije nan sosyete a.

Eske lang kreyòl ayisyen an ka layite tout kote si pa gen politik ak amenajman lengwistik?

Pou lang kreyòl rive ofisyèlman toupatou tout bon vre, fòk sistèm edikasyon peyi a bay oryantasyon an. Se la pou nou kòmanse dekonplekse timoun yo. Si lekòl kòm ajan sosyalizasyon pa jwe wòl li kòmsadwa, sosyete a ap toujou gen moun k ap mache ak lespri yo koukounan akòz konplèks ak prejije yo te ranmase sou ban lekòl. Potomitan devlopman peyi nou se lang nou : Se lang nou ki pou louvri pòt komunikasyon sosyal enklizif (pou tout Ayisyen) ; se lang nou ki pou louvri pòt lakonesans pratik (pou moun konprann, pou moun aplike) ; se lang nou ki pou devlope kilti nou epi fè pwomosyon li toupatou (resèt kwizin, remèd tradisyonèl, dans, chante, istwa, pwovèb ki nan patrimwàn nou e ki se idantite nou kòm pèp).

Akademi Kreyòl Ayisyen admèt, menm jan ak divès lengwis entènasyonal kou nasyonal pa ka gen pwogrè ak devlopman dirab lè yon pèp ap aprann nan yon lang li pa konprann.

Li lè, li tan pou tout sosyete a rive chavire lojik sa a pou yo mete Lang kreyòl la nan vrè plas li san fòs kote pou tout Ayisyen. Li lè, li tan pou Ayisyen sispann brime pwòp lang yo. Li nesesè pou nou aprann timoun yo se pwodiksyon nan lang lan k ap fè li devlope. Lang pa gen fwontyè. Sa pral depann de ki sa pèp la deside fè ak lang li.

Jodi a, sa ki dwe klè pou tout Ayisyen, pou nou kòmanse rezoud pwoblèm fòskote sa a lang kreyòl la ap sibi a ak tout pèp ayisyen an, se pou nou sèvi ak lang nou nan tout domèn, nan tout sektè, se pou nou konstiwi lakonesans syantifik nan lang kreyòl la, se pou nou pwodui zouti referans nan tout matyè nan lang nou.

Akademi Kreyòl Ayisyen pote tèm : « *Lang kreyòl tout kote san fòskote !* » pou mwa oktòb 2021 an yon fason pou li poze pwoblèm lan nan rasin li. Nou pa ka vanse si nou pa touche venn sansib kesyon sosyal yo tout bon vre. Kreyòl tout kote san fòskote pa yon senp pawòl anlè. Se pito yon rapèl alòd, pou envite tout enstitisyon, tout aktè, tout sektè nan peyi a pou yo pran responsabilite yo, pou pèmèt popilasyon an jwenn disponiblite tout sèvis nan lang kreyòl ayisyen an. Se sèl fason pou lang kreyòl la chita vre tout kote san fòskote. Se sèl fason tou pou popilasyon an devlope tout bon vre sans fòs kote.

Akademi Kreyòl Ayisyen

7 Oktòb 2021